



# Gid itilizatè CBP One™ Mobile Application Traveler

---

Soumèt Kapasite Enfòmasyon Davans  
Pou Moun ki pa Sitwayen



U.S. Customs and  
Border Protection

## 1. Aplikasyon mobil CBPOne™

a) Apèsi sou aplikasyon an

b) Ouvri sesyon an

## 2. Vwayajè-Tè-Soumèt enfòmasyon davans

a) Apèsi sou aplikasyon an

b) Anrejistre vwayajè yo

c) Mande yon randevou

i. E si mwen bezwen chanje pò m nan antre?

ii. E si mwen bezwen modifye anrejistreman mwen an?

d) Aksepte epi pran randevou

i. E si mwen pa vle randevou mwen te resevwa a?

## ii. E si mwen bezwen plis tan pou m reponn?

e) Anile yon Randevou

f) Efase enskripsyon mwen an

g) Depanaj

i. Selfie Video Mwen Kontinyé Echwe



---



# Aplikasyon mobil CBP One™

Apèsi sou lekòl la

**CBP One™** se yon aplikasyon mobil ki sèvi kòm yon sèl pòtal pou yon varyete sèvis CBP. Atravè yon séri Kesyon gidé, aplikasyon an pral dirijé chak kalité utilizatè nan yon sèvis ki apwopriyé tou depan de bezwen yo.


## Pou jwenn aksè nan CBP One™

Telechaje CBP One™ nan Apple App Store oswa Google Play Store.



## Konekte avèk Login.gov

Chwazi **LOG IN OR SIGN UP**. CBP One™ ap redirigé ou sou Login.gov, Koté ou ka kréyé yon kont oswa konekté nan yon kont ki egzisté déja.





---

# Soumèt enfòmasyon davans


Vwayajè - Tè

Soumèt Enfòmasyon davans se yon kapasite ki disponib pou Vwayajè nan CBP One™.

Kapasite sa a pèmèt ou soumèt enfòmasyon ou yo epi pran yon randevou pou rive nan yon Pò Antre nan sidwès pou enspeksyon. Sa a se pou vwayajè san papyè ki pa sitwayen sèlman.

Pou soumèt enfòmasyon davans ou epi jwenn yon randevou nan yon pò antre, ou dwe:

1. **Anrejistre vwayajè yo**
2. **Mande yon randevou**
3. **Akseptè epi pran randevou**
4. **Rive nan Pò Antre**






---

# Anrejistre vwayajè yo




## 1. Chwazi Vwayagè

De ekran principal la, chwazi yon **Traveler | Viajero**.




## 2. Chwazi Tè

Chwazi **Land | Tierra**, épi chwazi **CONTINUE**.





## 3. Chwazi Soumèt Enfòmasyon Davans

Chwazi **Submit Advance Information | Enviar Información Anticipada**.




## 4. Ranpli pwofil vwayajè

Si ou se yon itilizatè premye fwa, yon pop-up ap parèt. chwazi **Edit Profile**. Ranpli éspas yo é chwazi **SAVE**.




## 5. Chwazi yon lang

Chwazi lang ou pi pito, apres a chwazi **KONTINYÉ**.




## 6. Pèmèt Otorizasyon Kote yo

Yon pop-up ki mande pèmision pou itilize sèvis lokal yo ap parèt. Chwazi pou pèmèt CBP One™ sèvi ak kote ou.




## 7. Li Enstriksyon yo

Revize enstriksyon ki sou ekran an, epi chwazi **KONTINYÉ**.




## 8. Chwazi Vwayagè anrègistré yo

Chwazi **ENSKRI VWAYAJÈ** yo.




## 9. Chwazi ajouté Vwayagè

Révizé enstriksyon ki sou ékran an, épi chwazi **AJOUTÉ VWAYAGÈ**.




## 10. Chwazi Fè yon foto

Chwazi **FÈ YON FOTO**.




## 11. Pran yon foto

Swiv enstriksyon ki sou ekran an, apres a chwazi Soumèt foto. Tanpri asiré ke foto ou pran an byen kaptiré figi ou. Foto sa a yap itilize li pita pou idantifyé/vérifyé idantité ou.



## 12. Chwazi Eskane Paspò

Si w gen yon paspò, chwazi **ESKANE PASPÒ (OPTIONNAL)**. Si ou pa gen yon paspò, ale nan **Etap 14**.




## 13. Eskane paspò

Aliyen paj enfòmasyon paspò w la nan réktang ki sou ékran an.




## 14. Ranpli Enfòmasyon Byografik

Ranpli tout rèss Éspas obligatwa yo, epi chwazi **KONTINYÉ**.



## 15. Rampli enfòmasyon sou kontak, travay, enfòmasyon vwayaj


Rampli éspas obligatwa yo, épi chwazi **KONTINYE**.



The first screen shows the 'Ajoute Vwayajè' form with sections for 'ENFÒMASYON POU KONTAKTE OU', 'ENFÒMASYON SOU TRAVAY', and 'ENFÒMASYON SOU VWAYAJ'. The second screen shows the same form with the 'Wi' radio button selected for 'Èske ou ap travay?' and the 'KONTINYE' button highlighted with a red dashed box.

## 16. Ranpli Enfòmasyon sou Fanmi

Ranpli Éspas obligatwa yo, épi chwazi **SOVE**.




The third screen shows the 'Ajoute Vwayajè' form with sections for 'ENFÒMASYON FANMI YO', 'PAPA', and 'MANMAN'. The fourth screen shows the same form with the 'Wi' radio button selected for 'Èske papa ou vivan?' and the 'SOVE' button highlighted with a red dashed box.




## 17. Ajoute lòt vwayajè

Repete etap 9-16 pou tout moun k ap vwayaje avèk ou. Tout moun dwe ale nan menm adrès Etazini epi yo dwe gen menm adrès etranje anvan. Asiré ke lis la gen tout Vwayajè yo épi chwazi **KONTINYÉ**.




## 18. Rampli adrès ozétazini ak enfòmasyon dijans pou kontak ozétazini.

Rampli éspas obligatwa yo, épi chwazi **KONTINYÉ**.



## 19. Ranpli Adrès Etranje anvan ak Enfòmasyon sou Preparatè

Ranpli espas obligatwa yo, epi chwazi **KONTINYÉ**.



9:41

Anrejistre Vwayajè

Tanpri antre adrès kote ou te rete a anvan ou vin Ozetazini.

**ADRÈS ETRANJÈ ANVAN**

Mwen pa gen youn

Adrès 1\*

Adrès 2

Vil\*


Eta\*

Kòd Postal\*

**ENFÒMASYON SOU MOUN KI PREPARATÈ A**

Èske yon moun te ede ou pandan ou t ap soumèt enfòmasyon sa a?

RETOU KONTINYÉ



9:41

Anrejistre Vwayajè

Tanpri antre adrès kote ou te rete a anvan ou vin Ozetazini.

**ADRÈS ETRANJÈ ANVAN**

Mwen pa gen youn

Adrès 1\*  
123 Wout Rd.

Adrès 2

Vil\*  
Gonaïves

Eta\*  
Haiti

Kòd Postal\*  
12345


**ENFÒMASYON SOU MOUN KI PREPARATÈ A**

Èske yon moun te ede ou pandan ou t ap soumèt enfòmasyon sa a?

RETOU KONTINYÉ

## 20. Chwazi yon pò dé demand

Chwazi yon pò dé demand nan lis déroulé a, epi chwazi **KONTINYÉ**. W ap gen opòtinite pou chanje sa a lè w mande yon randevou, si sa nesesè.



9:41

Anrejistre Vwayajè


CBP One™ chwazi vwayajè ki anrejistre pou randevou.

Lè yo chwazi w. randevou w ap fèt nan Pò Antre ou mande w la.

**DEMAND YON PÒ ANTRE**

Pò Antre\*

RETOU KONTINYÉ



9:41

Anrejistre Vwayajè

CBP One™ chwazi vwayajè ki anrejistre pou randevou.

Lè yo chwazi w. randevou w ap fèt nan Pò Antre ou mande w la.


**DEMAND YON PÒ ANTRE**

Pò Antre\*  
San Ysidro

RETOU KONTINYÉ


## 20. Soumèt Enskripsyon Ou

Revize ekran an epi asire ke tout enfòmasyon yo egzat, epi chwazi **SOUMET**. Revize pop-up la epi chwazi **Wi, Soumèt**.



## 21. Chwazi OKE

Revize pop-up la epi chwazi **OKE**. Ou te anrejistre avèk siksè. W ap resevwa yon imèl konfimasyon nan adrès imel ou te itilize pou w konekte nan CBP One™. Tanpri sove/ sèrré nimewo konfimasyon ou a (yo).





## PWOCHÈ ETAP

Kounyé a ké ou anrèjistré, [ou ka mande pou yon randevou nan Port of Entry ou mande a \(Gade Paj 20\).](#)

Ou dwé nan yòn koté ki otorizé pou'w mandé yòn randévous. Pou plis enfòmasyon sou koté ki otorizé, tanpri vizité: [CBP One™ Mobile Application | Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontyè.](#)




---

**Mande yon randevou**


## 1. Chwazi Vwayagè

De ekran principal la, chwazi yon **Traveler | Viajero**.




## 2. Chwazi Tè

Chwazi **Land | Tierra**, épi chwazi **CONTINUE**.




## 3. Chwazi Soumèt Enfòmasyon Davans

Chwazi **Submit Advance Information | Enviar Información Anticipada**.




## 4. Chwazi yon lang

Chwazi lang ou pi pito, apresa chwazi **KONTINYÉ**.




## 5. Li Enstriksyon yo

Revize enstriksyon ki sou ekran an, epi chwazi **KONTINYÉ**.



## 6. Chwazi Enskripsyon Ou


Chwazi enskripsyon ou. Asiré ou ké li komplè é égzat. Si yo té chwazi plis pasé yon enskripsyon ki gen menm non Vwayajè a, wap jwen yon èrè ki ap entèdi ou mandé yon randevou lè wal itilizé dézyèm enskripsyon an.






## 7. Mande yon randevou

Chwazi **MANDE YON RANDEVO**. Ou dwe mande yon randevou ant 11 a.m. CST ak 11 p.m. CST / 10 a.m. MST ak 10 p.m. MST. Ou dwé nan yòn koté ki otorizé pou'w mandé yòn randévo. Pou plis enfòmasyon sou koté ki otorizé, tanpri vizité: [CBP One™ Mobile Application | Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontyè](#).




## 8. Chwazi Wi, Mande

Revize pop-up la epi chwazi **Wi, Mande**.



## 9. Chwazi OKE

Revize pop-up la epi chwazi **OKE**. Ou te byen evalye pou yon randevou.



## PWOCHÈ ETAP

Kounye a ke ou te mande yon randevou, ou dwe tann randevou yo anonse a 11 a.m. CST / 10 a.m. MST.


Si w resevwa yon randevou, CBP One™ p voye yon imèl ba w ak yon notifikasyon push. [Ou dwe aksepte epi pran randevou a anvan 10 a.m. CST / 9 a.m. MST \(Gade paj 27\).](#)

Ou dwé nan yòn koté ki otorizé pou'w aksépté épi pran yòn randevou. Pou plis enfòmasyon sou koté ki otorizé, tanpri vizité: [CBP One™ Mobile Application | Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontyè.](#)

Si w pa resevwa yon randevou, ou ka eseye ankò lè w repete **Etap 1-9.**

## E si mwen bezwen chanje pò antre mwen an?

Si w bezwen chanje Pòt Antre yo mande w la pou nenpòt rezon, swiv **Etap 1-7**, epi chwazi **Chanje Pò Antre Mwen an**.



## E si mwen bezwen modifiye anrejistreman mwen an?

Kounye a, CBP One™ pa pèmèt ou modifiye enskripsyon w la. Si w bezwen chanje yon bagay nan anrejistreman w la, **tanpri efase enskripsyon an (Gade Paj 41)**.

Apre ou fin efase anrejistreman ou a, ou ka re-enskri ak enfòmasyon ki kòrèk la.




---

**Akseptate epi pran randevou**


## 1. Chwazi Vwayagè

De ekran principal la, chwazi yon **Traveler | Viajero**.




## 2. Chwazi Tè

Chwazi **Land | Tierra**, épi chwazi **CONTINUE**.




## 3. Chwazi Soumèt Enfòmasyon Davans

Chwazi **Submit Advance Information | Enviar Información Anticipada**.




## 4. Chwazi yon lang

Chwazi lang ou pi pito, apresa chwazi **KONTINYÉ**.




## 5. Li Enstriksyon yo

Revize enstriksyon ki sou ekran an, epi chwazi **KONTINYÉ**.




## 6. Chwazi Enskripsyon Ou

Chwazi enskripsyon ou.




## 7. Chwazi Aksepte Randevou

Revize ekran an, epi chwazi **AKSEPTE RANDEVOU**. Ou dwé nan yon koté ki otorizé pou'w aksépte épi pran yon randevou. Pou plis enfòmasyon sou koté ki otorizé, tanpri vizité: [CBP One™ Mobile Application | Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontyè](#).



## 8. Chwazi yon vwayajè

Chwazi yon vwayajè nan enskripsyon ou. Revize enstriksyon ki sou ekran an, epi klike nenpòt kote sou ekran an pou kontinye.






## 9. Pran yon Selfie videyo

Swiv enstriksyon ki sou ekran an, apresya chwazi **OKE**.




## 10. Verifye Tout Vwayajè yo

Repete **etap 8-9** pou tout vwayajè ki gen plis pase 14 an.  
Aprè tout vwayajè yo gen yon chèk vèt akote pwochen non  
yo, chwazi **KONTINYE**.




## 12. Pran randevou w

Revize ekran an epi asire w ke tout enfòmasyon yo egzat, apres a chwazi **ORÈ**. Revize pop-up la epi chwazi **Wi, Orè**.




## 13. Chwazi OKE

Revize pop-up la epi chwazi **OKE**. Ou te byen pwograme yon randevou. W ap resevwa yon imèl konfimasyon nan adrès imel ou te itilize pou w konekte nan CBP One™. Tanpri sove nimewo konfimasyon ou a (yo).




## E si mwen pa vle randevou mwen te resevwa a?

Si ou te resevwa yon randevou ke ou pa vle aksepte ak pwograme, ou ka refize randevou a. Swiv **Etap 1-6**, apres a chwazi **REFIZE RANDEVOU**.



## E si mwen bezwen plis tan pou m reponn?

Si ou bezwen plis tan pou reponn a yon randevou pou nenpòt rezon, ou ka pwolonje dat limit ou a 10 a.m. CST / 9 a.m. MST jou kap vini an. Swiv **Etap 1-6**, apres a chwazi **MWEN BEZWEN PLIS TAN**. Ou ka pwolonje dat limit ou sèlman yon fwa.






---

# Réfizé Randévou


## 1. Chwazi Vwayagè

De ekran principal la, chwazi yon **Traveler | Viajero**.




## 2. Chwazi Tè

Chwazi **Land | Tierra**, épi chwazi **CONTINUE**.




## 3. Chwazi Soumèt Enfòmasyon Davans

Chwazi **Submit Advance Information | Enviar Información Anticipada**.




## 4. Chwazi yon lang

Chwazi lang ou pi pito, apresa chwazi **KONTINYÉ**.




## 5. Li Enstriksyon yo

Revize enstriksyon ki sou ekran an, epi chwazi **KONTINYÉ**.




## 6. Chwazi Enskripsyon Ou

Chwazi enskripsyon ou.




## 7. Chwazi Anile Randevou

Chwazi **ANILE RENDEVOU**.



## 8. Chwazi Wi, Anile



Revize pop-up la epi chwazi **Wi, Anile**.





## 9. Chwazi OKE

Revize pop-up la epi chwazi **OKE**. Ou te anile yon randevou avèk siksès. W ap resevwa yon imèl konfimasyon nan adrès imel ou te itilize pou w konekte nan CBP One™.



## PWOCHÈ ETAP

Pou resevwa yon nouvo randevou nan yon pò antre, [tanpri Mande yon randevou \(Gade paj 20\).](#)




---

**Efase enskripsyon mwen an**


## 1. Chwazi Vwayagè

De ekran principal la, chwazi yon **Traveler | Viajero**.




## 2. Chwazi Tè

Chwazi **Land | Tierra**, épi chwazi **CONTINUE**.




## 3. Chwazi Soumèt Enfòmasyon Davans

Chwazi **Submit Advance Information | Enviar Información Anticipada**.




## 4. Chwazi yon lang

Chwazi lang ou pi pito, apresa chwazi **KONTINYÉ**.




## 5. Li Enstriksyon yo

Revize enstriksyon ki sou ekran an, epi chwazi **KONTINYÉ**.




## 6. Chwazi Enskripsyon Ou

Chwazi enskripsyon ou.




## 7. Chwazi Efase Enskripsyon

Chwazi **EFASE ENSKRIPSYON**. Ou ka efase enskripsyon ou sèlman si ou pa te mande yon randevou epi ou pa gen yon randevou kounye a.




## 8. Chwazi Wi, Efase

Revize pop-up la epi chwazi **Wi, Efase**.



## 9. Chwazi OKE

Revize pop-up la epi chwazi **OKE**. Ou te efase enskripsyon ou avèk siksè.



## PWOCHÈ ETAP

Pou resevwa yon randevou nan yon Pò Antre, [tanpri Anrejistre Vwayajè yo \(Gade Paj 7\).](#)




---

# Depanaj



## Selfie Video Mwen Kontinyé Echwe

Si selfie videyo ou a echwe plizyè fwa lè w eseye aksepte epi pran yon randevou (**Paj 32, Etap 9**), w ap resevwa pop-up ki anba a.



## 1. Eseye anko

Eseye pran selfie videyo ou ankò. Asire w ke ou nan bon ekleraj ak santre figi ou nan oval la nan ekran an.

Si selfie videyo a kontinye echwe, kontinye nan **Etap 2**.

## 2. Efase Anrejistreman Ou epi Re-Enskri

Efase enskripsyon ou epi re-enskri ak yon foto ki pi bon kalite (**Paj 13, Etap 11**).